



Healthcare Bluebook™



JWENN PI BON KALITE A. JWENN PI BON PRI A.

Ou gendwa ap peye 500% twòp pou swen sante. Epitou, ou gendwa ap itilize lopital kalite yo ba. Men, kijan pou w ta konnen? **Nou la pou chanje sa.**


Healthcare Bluebook se yon zouti anliy ak mobil ki ka ede ou jwenn enfòmasyon sou pri ak kalite byen vit kote yo klase pwofesyonèl swen sante lokal yo nan yon sistèm koulè ki fasil pou li. Nou fè li senp ak dirèk pou w chèche sèvis swen sante.

PRI TRANSPARAN

IRM Jenou

Pri ki jis **\$593**

\$435  \$4,780+



KALITE TRANSPARAN



Ki sa ki transparans nan swen sante ye?

Bay oumenm, kliyan an, pri a davans ak bon kalite enfòmasyon ou ka fè konfyans.

Kouman mwen ka wè enfòmasyon sa a?

Lekòl Piblik Konte Miami Dade County te mete Bluebook disponib pou ou kòm yon pati nan avantaj plan ou an. Aksè nan enfòmasyon ak kalite enfòmasyon gratis nan:

healthcarebluebook.com/cc/mdcps/rewards

Non Itilizatè: Siyati

Modpas: Dènye 4 chif Nimewo Sekirite Sosyal



Poukisa mwen bezwen sa a?

Pri ak kalite swen sante vary anpil selon kote a ak pwosedi a.

Bluebook montre ou Fair Price™ (pri jis) plizyè milye sèvis medikal ansanm ak pwofesyonèl swen medikal chaje yon pri ki jis.

Ansuit, nou klase lopital nan tout peyi a nan yon kategori klinik apa pou w ka chwazi yon etablisman ki apwopriye pou bezwen medikal ou yo.

Telechaje aplikasyon mobil nou an nan Boutik Aplikasyon an ak Google Play pou w ka jwenn enfòmasyon pèsonalize.

Kòd Konpayi: MDCPS1

Lè tout bagay transparan, chwa a klè.



Pou Kòmanse

Sèvi ak meni dewoulan yo, oswa antre yon mo rechèch nan ba rechèch la.

Chwazi pwosedi oswa tès doktè ou rekòmande a.

Aprè ou jwenn pwosedi ou a, asire w ou konfime oswa chanje kòd postal ou pou enfòmasyon ki pi egzat.

Swen Sante yon fason Entelijan

Gen kèk pwosedi ou ka chèce selon pri paske gen yon ti kras difeann snan kalite epi ou gendwa p ap an kontak dirèk ak yon doktè. Tankou yon IRM, oswa yon eskanografi.

Avèk pwosedi pi konplike yo, l ap pi bon pou w konsidere kalite nan desizyon ou, tankou yon atwoskopi zepòl oswa fizyon espinal.

Nou pral montre w ki pwosedi yo klase selon pri ak kiyès ki klase selon kalite sou ekran an.




Chèche swen sante nan de (2) fason - Pri & Kalite

1 CHÈCHE SELON KLASMAN NAN PRI

Ou te jwenn pwosedi a oswa tès ou bezwen an - e kounye a? Bluebook montre w Pri Jis la, ansanm ak lòt pri nan zòn ou an. Pri yo ka varye pa jiska 500%. Se poutèt sa nou te kode pwofesyonèl swen sante yo selon koulè pou rann li pi fasil pou w chwazi youn ki chaje yon Pri ki Jis.

Pa gen pwofesyonèl swen sante nan lis la? Pandan Bluebook kouvri 90% nan popilasyon ameriken an, si nou pa idantifye yon pwofesyonèl swen sante nan zòn ou an, nou ka toujou ede ou. Kontakte sipò PriceFinder (Zouti pou Chèche Pri) nou an nan pricefinder@healthcarebluebook oswa 1-888-316-5217.

Atwoskopi nan Jenou



PRI



Nan nivo pri ki jis oswa pi ba



Yon ti kras anwo pri ji jis



Pri ki pi wo

2 CHÈCHE SELON KLASMAN NAN KALITE

Pwosedi ki gen diferans ou ka mezire yo klase lopital nan tout peyi a nan kategori klinik apa. Sa rann li fasil pou w jwenn yon lopital bon kalite pou pwosedi ou a.

Sonje byen, anpil doktè ka fè pwosedi nan plizyè lopital. Kenbe doktè ou fè konfyans la, men fè yo fè pwosedi a nan yon lopital ki klase wo.

KALITE



Kalite ki pi wo



Kalite mwayèn



Kalite ki pi ba

Menm Pwosedi a. Menm Rezo a. Pri Diferan.